«Утверждаю»

# Сообщение Аваразул к1алзул поэзиялда сатира

Х1адурана: 9 классалъул ц1алдохъан Атаева Мадина

**Аваразул К1алзул поэзиялда сатира.**

Аваразул литератураялъул к1удияб гьеч1о, гьеб бах1араб литература буго. Литератураялда данде ккун авар халкъалъул к1алзул поэзиялъул история к1удияб гъварилъуде уна. Гьединлъидалин авар фольклоралда сатира бечедаб ва кутакаб бугеб. К1алзулаб сатираялда бухьараб бук1ана аваразул т1оцебеб баккулеб бук1араб литератураялъулаб сатираги. Авар фольклоралда гьоркьоб сатираялъул ва юморалъул рахъалъан к1удияб бак1 Малла-Насрудинил харбаз ккола. Т1олго Востокалъул халкъазул фольклоралда гьркьобги аслияб бак1 ккола Мала-Насрудинил харбаз.

Мала-Насрудинил харбазул къадру халкъалда гьоркьоб ц1акъ борхатаб даражаялде бахун буго. Сатирикиябгун махсароялъул хабаралъул даража ц1ик1к1араб бук1иналъ г1адамаз Малла-Насрудинил бук1ин бук1унгут1иялъул х1исабго гьабич1ого, Малла-Насрудинил абун ц1ар лъун тола жидеда раг1араб лъик1аб махсароялъулаб харбидаги. Гьеб къаг1идаялъ Малла-Насрудинил харбал даим ц1ик1к1унелго ц1ик1к1унел, гьезул обществалъулаб к1вар кутаклъулебго кутаклъулеб бук1уна.

Халкъалда гьоркьоса рахъарал бит1араб жоялъул рахъалда ч1арал к1алзул пагьму бугел г1адамаз рижизарулел рук1ана хвелго гьеч1ел сатириял асарал, гьезде т1аде даим ц1и-ц1иял асарал журалелго журалел рук1ана церегоялдаса нахъе, ругелал жиб-жиб бак1алъул яшавалда, жиб-жиб ракьалъул г1адаталда рекъон даим хисулелги рук1ана.

Кибниги Индиялданиги, Г1арабусталалъул улакабазул цоялданиги, Ираналданиги ва ц. гь. бак1азда кидаялиго бижараб асар тирулаго, сверулаго нилъер ракьалде щвани, нилъер г1адамаз гьеб жидее бокьараб куцалда рекъезабун, ц1и гьабун бицуна. Цояз гьеб асар къокъ гьабула, цояз халат гьабула. Гьел харбазда релъинарун жидецагоги рахъула ц1иял харбал.

Малла – Насрудинилан нилъеда бицараб хабаралъ т1оцебесеб иргаялда рач1инахъего релъизарула, релъун хадуб пикру гьабураб мехалъ, бич1ч1ула харбил аслияб мурад, гьелъ ч1ор реч1ч1улеб г1уж ургъун хадуб батула. Гьесулг1ан т1ирит1арал харбал нилъер росабалъ рук1унаро.

Басиялъ г1ощт1ол г1оркь чорок гьабиялъул хабар буго халкъалда гьоркьоб ц1акъго т1ибит1араб. Гьелъ росдал дибирасул ришватчилъи къват1иб ч1вазабула. Диваналде рач1аразул бечедас ришваталъе баси кьола мискинас жиндирго цого-цо бугеб г1ащт1и кьола. Диван къот1изе дибир васвасдилев вугин ккарав мискинас малъула кьабун г1ощт1оцагун къот1ун биччанте х1укмуян. Гьеб мехалъ абула дибирас къот1илаанин г1ощт1ол г1оркь басиялъ чорок гьабун гьеч1ебаниян.

Мала – Насрудинил харбазда гьоркьоб гьездаса ч1ор бит1араб бег1ераб сатира гьеч1ин абизе бегьулеб куцалъул хабар буго гьеб. Рук1а-рахъиналъул г1иси-бикъинал ругониги, ч1ах1иял ругониги ишазулъ г1адамазада гьоркьоб къот1и къай ккола, къот1и гьабулеб мехалъ жинди-жиндир санаг1ат пайдаялъул х1исаб гьабула: дагьабниги жиндир пайдаялъе квеш кколеб бугони, къот1мгм бихизабула, раг1иги хвезе тола. Раг1и холелал, къот1уе хилииал чаг1и сурун рихьизарула цо тайпа хабараз. Гьеб тайпаялъул хабаразде г1агараб буго гьаб гъоркьехун нилъеца рехсолеб хабар.

Цо къоялъ Малла-Насрудин жиндирго кавудал к1алт1а г1одов ч1ун вук1анила. Гьесие саламги кьун, цевесан унев вук1анила гьасул цо лъале-хъвалев чи. Я лъачи, кват1унги бугин, гьоболлъухъ рещт1а, радал инеев ватилин абунила Маллаца гьасда. Гьоболас г1емер свериго гьабич1ого, чу гьесул рагьт1е буссинабунила. Рещт1ун чодасангун, гьеб чу киб бухинебан ах1анила гьоболас. Г1одов ч1аралъув т1адеги вахъун вач1унаго абунила гьас, гьаб дир мац1алда бухьеян абун. Нилер г1адамазда гьоркьоб г1емер кколеб жо буго къвариг1елго гьеч1еб, жиндир х1алк1олареб бак1алда кеп-ххвел гьаби.

Я, гьарин, г1одов ч1а кваназе, нижехъ рещт1а абун ххвелал, рихьдае жал гьарулел чаг1и г1емер рук1уна. Цо тайпа г1адамаз ракl бац1адго абулеб батаниги, цо тайпаялъ жиделъ гьезего гьеч1еб намусалъе г1оло абула гьедин. Гьеб буго гьумер бихьун к1алъаялъул, к1игьумерлъиялъул цо тайпа. Гьеле гьеб сурукъаб хасияталде данде багъула Малла-Насрудинил нилъеца т1адехун рехсараб хабар. Авар фольклоралда гьаб тайпая-лъул харбал г1емерал руго. Гьезул г1емерисел къват1исан рач1арал руго. Гьелъие х1ужа буго, гьезул сюжетал цогидал халкъазул фольклоралда гьоркьор рати. Гьел сюжетазул рижараб, раккараб бак1цин лъазе к1оларо. Щ1къго г1емерисел т1ирит1арал руго гьел. Жалго гьел асарал жидеего рекъовухъе сверизарула, гьезда релъинарун ц1иял рижизарула, гьел ц1иялги цинги мадугьалихъ бугеб халкъалъухъе уна; гьеб халкъалда рекъараб бугони, гьелъ гьениб г1умру гьабула, рекъолеб гьеч1они, холла, ц1а ссунеб г1адин ссун ккола.

Авар фольклоралда гьоркьор сатираялъулги ва юморалъулги куч1дулги ц1акъ г1емерал руго. Масала, маг1арухъ кибго билъараб жо буго куч1дул гьаризе лъалел чаг1аз жидер росулъа вугониги чи какун, гьесул цощинаб лъугьараб жо махсароде ккун куч1дул гьари. Щ1акъго билълъараб жо буго к1иго коч1охъан къацандун кеч1 ах1изе вахъин; гьедин рахъараб мехалъ цоцаз какун цояс цояв къезавизе х1аракат бахъула. Гьедин ах1улел куч1дузулъ ц1ек1ал, сатираялъул асаралги рук1уна, аваданаб юморалъул асаралги рук1уна, г1енеккарал чаг1аз гьелдасан ц1акъ кеп босула.

Т1арадаса ахаде щвезег1анги г1иц1го сатирагун юморалдалъун г1уц1арал х1айваназул, цогидал рух1ч1аголъабазул х1акъалъулъ ку1чдулги г1емерал рук1уна маг1арулазул. Коч1охъабазда гьел ах1изарун, ялъуни рик1к1инарун аваданлъи босула г1адамаз; узухъда, г1енеккаразе асарги гьабиларищха гьез. Мисалалъе, Т1елекьа Этил Г1алица гьабурабин абулеб «Г1акдал кеч1» босизин. Кеч1 гьабурасул хамихъ хисун босараб х1алакъаб хераб г1ака бук1уна; гьесул гьеб г1ака билула. Г1емераб мехалъ, к1удияб г1азабги бихьун балагьула гьес г1ака. Ахирги бохги бекун кибалиго батула гьесда гьеб.

Г1ака бит1ухъе какуларо авторас; бецщулеб хвелги гьабун, реэдулел раг1абаз махсароде т1амун сурукъаб сурат гьабула гьелъул. Гьес абула:

**«Буртинадул расгин сах бугеб лага,**
**Сурундай ккараб дуда магъил бак1?**
**Муд балеб сурк1иниб рахь инч1еб хъиргъу,**
**Иццул лъададайищ мун ч1ух1ун ккараб?**
**Ллъурдулги т1еренаб, т1ад ц1ира къараб,**
**Т1ок1аб бижиларо мун г1адаб х1айван...»**

«Муд балеб сурк1иниб рахъ инч1еб хъиргъу» - Ян абидал г1акдал т1олабго хаситя т1убан загьир гьабула. Гьеб данде кквеялъ, лъик1лъиялъул бицунеб формаялда квешаб загьир гьабиялъ релъи бач1инабула г1енеккарасул. Ахир г1ака батун гьелда т1ад ккараб мехалъ, рак1 унтун маг1у гьабулеб къаг1идаялъул раг1аби рик1к1уна. Амма раг1абазул маг1на нахъеги г1ака какиялде, гьелъул къадарал рахъал загьир гьариялде уна. Гьале гьел раг1аби:

**«Гамил бурав г1адал ч1ах1иял лъурдул,**
**Чан кин къазе лъач1ел гебегулелъул?**
**Туртил бок1он г1адал к1удиял г1ундул,**
**Г1одорго хъванадай хъущт1ун унаго...»**

Коч1ол аслияб мурад мискинлъи, язихъаб х1ал цебе рехун бихьизаби бугилан ккола. Нилъер маг1арухъ ч1ут1ул г1емерал рук1унин абулел росаби рук1ана нек1о. Щибалиго росулъ ч1ут1уз нуц1а рагьарабилан, щибалиго росулъ т1охда кьижун вук1араб бак1алдасаго гьобол гьоркье рехаравилан, щибалиго росулъ ч1ут1уз т1имугъ хъамун арабилан биценал рук1унаан. Гьел биценалги киналго рук1а рахъиналъул сатириял биценал руго.биценазги г1ей гьабич1ого,маг1арулаз гьезл х1акъалъулъ куч1дулги гьарулел рук1ана. Масала, маг1арулазда гьоркьоб ц1акъ т1ибит1араб кеч1 буго сатирикияб бег1ерлъи жиндилъ бугеб « Ч1ут1узул кеч1».гьеб кеч1 гьабурав чи жеги баянлъич1о нилъее. Щибалиго росулъе щола коч1ол герой. Гьоболасул гьасда:

**«...Къулач г1еблъуда бугеб**
**Г1ат1идаб рукъ батана...»**

«Къулач г1еблъуда бугеб» рукъалда гьас «г1ат1идаб» абураб эпитет бач1уна. «Къулач» гурони г1еблъуда гьеч1они гьеб рукъалъул «г1ат1илъи» кинаб ха бук1инеб?

Гьелъул ц1акъ сурукъаб, лазат бахъараб суратги гьабун, авторас гьоболасул хъублъи, гьес хинк1ал гьарулеб куц какула ва хадуб гьоболасул бусада вегарав гьасде т1аделъула ч1ут1ул:

**«Г1едераб чабхъен гьабун,**
**Бач1ана ч1ут1узул бо.**
**Рихьизе жал г1исинал**
**Х1анч1и, букари ц1акъал?»**

Ч1ут1улгун вагъулаго гьас сордо борч1ула. Жинда г1азаб бихьараб г1еч1ого, гьесул чу-кьилиялъул лъугьараб щинаб жоялъ гургин гьабула гьоболлъиялъул х1асил:

**«Гьанже пайда гьеч1илан**
**Чу кьолозе вилълъана**
**Кьолозе къасд гьабидал,**
**Рахъун къач1арал къвалал**

**Г1онк1к1оца рукъун руго:**
**Къвалазда рарал мац1ал**
**Лъималаз къот1ун руго:**
**Лъабго г1абаси ц1алеб**
**Г1арцул роценги бахъун**
**Чухъа буго бихъ-бихъун,**
**Нуц1ида нахъе реххун...»**

Гъаб буго халкъияб сатирикияб кеч1. Гъалъ цебе маг1арулазул цо-цо хъизан рукъалъул бук1араб хъубаб, низам гъеч1еб рук1а-рахъин къват1иб ч1вазабула. Коч1охъанасул мурад буго гъеб низам гъеч1олъи к1одо гъабун бихьизаби ва гъединаб х1ал, хъубаб рук1а-рахъин халкъалда рихинаби. Коч1олъ бицухъе лъугьинч1ониги, гьелде релъен – хъвай бугел жал чанги лъугьуна маг1арухъ.

Нилъеца мисалалъе бачараб «Ч1ут1узул кеч1» бег1ераб сатираялъул къаг1идаялда хъвараб кеч1 буго. Рек1ел аваданлъиялъул Мурад цебе ккураб гъеб коч1ол авторасул бат1ияб мурад буго: хъубаб, г1адамазе зарал ц1ик1к1араб г1ук1к1 рихинаби.

Г1онк1к1оца жиндие гъабураб зияналъул х1исаб гъабун, гъес гъаб ч1вазе х1укму гъабула. Х1укму щулалъизе гъес цоги-цогидазеги гъабураб зарарги рик1к1уна:

**«... Бест1ал лъималазул ниха ч1умараб,**
**Къорол руччабазул рукъзал рорлъараб,**
**Муг1алимзабазул тухьдул рихъараб,**
**Росдал дибирасул т1агъур букъараб**
**Ч1вач1ого кин телеб ч1ег1ераб тушман».**

Гъал нилъеца мисалалъе рачарал г1адал куч1дул маг1арухъ г1емерал рук1ана, амма гъел г1адамазул рук1а-рахъиналъул къваридаб х1алалъул сурат гъабиялъул г1орхъудаса рахунел рук1инч1о. жиндир лъадуда абула гъадин цояс:

**Босе бекад къват1ибе,**
**Гъал къот1адал чуризе,**
**Ч1унтаялъув вач1аян**
**Ч1ван хвад ах1т1елев вугин**

Маг1на гъабич1ониги рич1уларел г1адинал раг1аби руго гъеб кициялъулъ: «бекад» буго гулгун, «къот1адал» руго х1ат1ал, «ч1унтаялъув» мажгиталъуве абураб маг1на буго, «ч1ван хвадги» вуго дибир. Цонигиялъул ц1ар абич1ого, хьамиялде буссинабун буго кинабго как базеги лъаларев, жамаг1аталда цадахъ рузманалде инч1огоги г1оларев чияс.